Ақ сақалды киси болып,
Ҳәзирет қызыр келеди,
Үйиңе, патша, бар, дейди,
Таңлап жүрип елиңнен,
Бир шырайлы қыз ал дейди,
Сол ҳаялды алған соң,
Бир ул,бир қыз табады [ 3]
-дейди.

Қызырдың бул гәплерин еситкен Шаншар ханның қуўанышы қойнына сыймай өз елине жол алады. Елине келип, Барын деген ўәзиралдына шақырып, оның менен ойласады. Ўәзири пүткил халқын жыйнап, сол елдиң ишинен Шаншар ханға бир сулыў қызды әкелип береди. Хан ол қыз бенен он жыл жасайды, перзент көрмейди ҳәмбуған қатты қыйналады. Жасым жетписке келди, мениң артымда бир туяқ қалмайтуғын болды,- деп сарсылады. Хан менен ўәзири ойласып жәнe қалың журтты жыйнайды. Журт алдына Барынның шығып былай дейди:

-Ал мениң атым Барын-ды,
Мен айтамын зарымды.
Бир перзенттиң дәртинен
Беттен төктим арымды,
Кетирди алла сәнимди[4]

Ханның ўәзири журттың алдына шығып ханның жағдайын айтып, ким кепиллик береди, қызының бир ул, бир қыз дүньяға келтирип бериўине?,- деп сорайды. Ўәзирдиң бул гәпин еситкен қалың Ноғай халқы ойлайды: «бул Шаншар хан қалай айтады, болатынын ким болжайды-деп журт тарқап кетеди [5]. Сонда сол жерде турған жасы алпысқа келген Жаўдыр шал өмиринде гедейликтен көп азаплар шеккен ҳәм де ҳаялы бул дүньядан өткен. Жалғыз қызы Қаншайымды балық аўлап, күн көрип үлкен қыйыншылықларды басынан кеширип, кәмалға келтиреди. Атасы қызын ханға узатқысы келип, қызы Каншайым гедейликтиң қыйыншылығын көрмесе екен деп, Жаўдыр шал ханның айтқан сөзлерине разы болады.

Атасының бул айтқан гәплерин қызы ҳеш еки етпестен орынлайды. Қаншайым атасының гәплерин тыңлап турып,атасына қаншама аўыр болып турғанлығын биледи ҳәматасының қалған өмиринде қыйыншылық көрмесин деп қыз Шаншар ханның айтқанына разы болады.

Бул сюжетте Қаншайым қыздың атасына деген меҳрибаншылығын ҳәмде атасының қалған өмиринде қыйыншылықсыз жасаўы ушын өзиниң өмир жолын жасы алпыстан өткен ғарры менен бирге жасап, өмир сүриўге бағышлаўға таяр. Бул, әлбетте, перзенттиң атаға деген ҳүрметин, меҳир-муҳаббаты. Еки халықтың дәстанларында да, ханның перзент көрмегенлиги, ҳәмде журтында қызы бар адамларға азап бергенлиги сүўретленген.

Қаншайым қыздың ақыллы,ол хан менен бирге турмыс кеширип, оннан Муңлық атлы бир ул, Зарлық атлы бир қыз дүньяға келтиреди. Хан ҳаялларының сөзине исенип, Қаншайымды дарға асыўға буйрық береди. Ал, ханның жәллатлары оны өлтирмей жанын сақлап қалады. Ханның ҳаяллары менен мәстаннан көрген азаплары, булардың бәридәстанда сүўретленген. Еки халық дәстаны да бир-бирине уқсас,сюжет ҳәм мотивлерге жүдә бай.

Жуўмақлап айтқанда, «Муңлық-Зарлық» дәстанында ҳадаллық, ҳақыйқатлық жүзеге шығып, Санжархан өзиниң ислеген қәтеликлерин түсинип жетеди. Муңлық пенен Зарлықты, оның анасы Қаншайымды таўып бақытлы өмир кеширеди. Бул дәстанларды оқып жуўмақ шыгаратуғын болсақ, «Сүринбейтин туяқ, жаңылмайтуғын инсан болмайды» деп айтқым келеди. Улыўмаластырып айтқанда, инсан қаншелли сабырлы, шыдамлы болса өзиниң мурат – мақсетине, жақсы нийетлерине жететуғынлығы сөзсиз.

**Әдебиятлар**

1. Батырлар жыры. – Алматы: «Жазушы», 1986.
2. Қазақтың тұрмыс-салт жырларының типологиясы. –Алматы: 1983.
3. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 14-26-томлар. –Нөкис: «Илим», 2010.
4. Ғашық-наме. –Алматы: «Жазушы», 1976.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ ва қозоқ халқ достонлари «Муңлық Зарлық» достони қиёсий тарзда ўрганилган. Икки халқ достонларидаги сюжет ва мотивлардаги ўхшашлик достон контексти асосида таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье сравниваются каракалпакские и казахские народные поэмы «Мунлық Зарлық». Сходство сюжетов и мотивов в двух народных эпосах анализируется исходя из контекста эпоса.

**SUMMARY.** The article compares the Karakalpak and Kazakh folk poems "Munglyq Zarlyq". The similarity of plots and motives in two folk epics is analyzed based on the context of the epic.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫНЫҢ ДӨРЕТИЎШИЛЕРИ ҲӘМ АТКАРЫЎШЫЛАРЫ

**Ф.Б.Даулетмуратов** – *магистрант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** фольклор, достон, поэзия, жиров-бахши, устоз, шогирд.
**Ключевые слова:** фольклор, эпос, поэзия, жырау-баксы, наставник, ученик.
**Key words:** folklore, epic, poetry, jirau-bakshi, mentor, apprentice.

Қарақалпақлар аўыздан-аўызға көшип, әўладтан-әўладқа өтип киятырған аўызеки халық дөретпелериниң бай түрлерине, халық дөреткен музыка мәдениятына, ғайры нағышлыққа көркем-өнердиң басқа да халықлық түрлерине ийе болды. Таўарға нағыш ойыў, ағашқа нағыш ойыў, зергерлер, жүн, жипектен тоқыў қусаған қол өнери ислери – булардың ҳәммеси олардың көп тараўлы көркем-өнериниң мазмуныны қурады. Қарақалпақ халкының бай көркем-өнери өзиниң дөрелиўи, қәлиплесиўи жағынан жәмәәтлик дөретиўшиликке тийкарланады. Ҳәр қандай жәмәәтлик дөретиўшиликтиң тийкарын дөретиўшилик қурайды. Жәмәәтлик дөретиўшилик шын мәнисинде халықлық көркем-өнердиң белгилеринен есапланады. Әсиресе, бул жағдай қарақалпақ халқының өткен әсирлердеги көркем-өнерин сөз еткенде анығырақ сезиледи. Халық арасынан шыққан сөз шеберлери − жыраў, бақсылары, сәзенделер, шеберлер көп жағдайда өзлериниң жеке өзгешеликлерине қарамастан қабыл етилген дәстүрий уақыялардың тәсиринде қалып барады. Соның менен олар дәстүрий уақыялардың ешейин бир тәкирарлаўшысы болып көринбестен, өзлеринде «вариантлар» жасаў мүкиншилигине ийе болған.

Халық дөреткен дәстанлардың қәлиплесиўине мазмуны ҳәм формасы жағынан пүтин бир дөретпеге айланыўында халықтың арасынан шыққан жыраў-бақсылардың хызмети уллы. Себеби, дәстанларды оның атқарыўшыларынан бөлип алып қараўға болмайтуғыныңдай, жыраў-бақсылардың да шеберлик қәсийетлерин дәстанның көркемлик өзгешеликлеринен айырып таслаўға болмайды. Қарақалпақ халқының әсирлер бойы дөреткен поэтикалық дөретпелеринде, оның барлық үлгилеринде бул булақлардың дәрьяға айланғанындай дәрьялардың көлге, көлдиң теңиз қурағанындай болып кеткен. Қаракалпақ фольклорын дөретиўшилер ҳәм атқарыўшылар халық шайырлары, жыраў-бақсылар, жуўабый, шешен, ертекши, қатықулақ адамлар, қосықшылар, қыссаханлар. Қарақалпақ фоль-

клорының барлық жанрына тоқтап отырмастан, оның ең үлкен жанрларынан бири – дәстанлар арқалы, дәстанның атқарыўшылары, белгили дәрежеде дөретиўшилери болған жыраў-бақсылар дөретиўшилиги екенлиги мәлим.

Қарақалпақ жыраўларының ең дәслепкилериниң аты Соппаслы Сыпыра жыраўдан басланады. Ол атқарған дәстанлар менен бирге еле ел арасында оның «Ғаррыңман», «Ҳе Кенжембай, Кенжембай», «Жатыр едим ғаплетте» т.б. ушырасады. XIII–XIV әсирлерде қарақалпақ дәстанларының көплеп дөретилген дәўиринде сөзсиз көплеген қарақалпақ жыраўлары болған. Не себептен олардың атлары умытылып кеткенлиги белгисиз. «Манас» туўралы жазған өзиниң изертлеўинде М.Әуезов «Манас» ты атқарыўшы әййемги манасшылардың умытылғаны жөнинде айта келип, кейин ала «Манас» ты атқарыўшылардың өзлериниң устазларының атын сааналы түрде еске тусирмегенин белгилеп өтеди [1:16]. Бул жағдай ҳәр бир жыраў дәстанды өзи атқарыўшы сыпатында көрсетиў мақсетинде қарақалпақ дәстанларын атқарыўшыларында да болса керек. Бирақ, Асан қайғы атына байланыслы материаллар, Жийренше шешен атына байланыслы шешенлик сөзлер, олардың аты менен қарақалпақлар арсында усы күнге шекем сақланып келеди.

XVIII әсирде жасаған Жийен жыраў ҳаққында бир қанша аңыз мағлыўматлар бар. Жийен жыраўдың устазының ким екенлиги туўралы ҳеш қандай мағлыўмат жоқ. Тек шамалаў ретинде оның «Бозаман», «Қурбанбек», «Ерқосай», «Жазкелен», «Алпамыс», «Қырқ қыз», «Ҳажыгерей», «Ерзиўар» дәстанларын атқарғанлығы ҳаққында пикирлер бар [2:25]. Жийенниң шәкиртлери қайсы жыраў болғанлығы да белгисиз. Қурбанбай жыраў «Қырқ қыз» дәстанының ақырында Жийенниң шәкирти ретинде Шаңкөтти т.б. көрсетеди. Халмурат XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында жасаған жыраў. Жийен менен екеўиниң арасында жүз жылдан асламырақ дәўири бар. Жийеннен баслап бизге шекемги белгили жыраўлардың арасындағы қатнас пүткиллей еле шешилмеген мәселе. Буны айтып отырғанымыз, қарақалпақларда жыраў, бақсышылық, устаз шәкирт болыў формасында раўажланған. Жыраў болыў ушын устазға ериў, оннан пәтия алыў, устазын пир тутыў ҳәзирге шекем бузылмай келген дәстүр.

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басларында қарақалпақ дәстанларының қарақалпақлар арасында кеңнен қолланылыўы жағынан ҳәм жыраў-бақсылар тәрепинен жетилистирилиўи жағынан халық аўзында сақланып келинген материалларға қарағанда белгили бир дәўирди қурағанлығын билемиз. Усы дәўирде елеге шекем халық аўзында умытылмаған ең үлкен халық жыраў-бақсыларының аты сақланған. Булардың ең ирилери Айтуўар, Шаңкөт, Қабыл, Дүйсенбай, Турымбет, Байнияз, Нурабылла, Ақымбет, Муўса т.б. XX әсирдиң басында бақсы-жыраўшылықтың көрилмеген дәрежеде үлкен бир адым илгерилеўине мүмкиншилик пайда болды. Бирнеше онлаған қарақалпақ жыраў-бақсыларының ишинде ең үлкен сөз шеберлери есапланған Ерполат, Өгиз (Хожамберген жыраў), Есемурат жыраў, Қурбанбай жыраў, Қыяс жыраў, Жапақ бақсы, Ещан бақсы, Қаражан бақсы т.б. қарақалпақ халқының сөз көркем-өнериниң әсирлер бойы тарийхын дөретиўдеги, соның менен бирге ҳәзирги дәўиримиздиң мүмкиншилигине ылайық мәңги сақланады.

Қарақалпақ дәстанларын ең сулыў жырлайтуғын жыраўлар қатарына Ҳожамберген Нияз улы ямаса халық атаған лақабы менен Өгиз жыраў (1884-1855) да киргени. Ол жырлған ҳәм басып шығарылған «Алпамыс» дәстанының варианты қарақалпақ халық поэзиясының ең жақсы үлгилеринен есапланады. Өгиз жыраў «Алпамыс» дәстанының бул вариантында үлкен шайыр жыраў екенлигин көрсетеди. Әсиресе оның дәстандағы тек қосықлары ғана емес, ал, қара сөзди де (насыры) шебер уйқасымлы, сулыў етип айтылыўы буған дәлил болады. «Алпамыс» дастанының Өгиз жыраў вариантының көркемлик өзгешелигиниң жоқары дәрежеде екенлигин И.Т.Сағыйтов та атап көрсетеди [3:208]. Өгиз жыраўдың дәстанларды халық тилинде сондай шебер жырлайтуғыны ҳаққында Н.Дәўқараев ертеде-ақ өзиниң жыраў бақсыларға арналған пикирлеринде де айтқан еди. Өгиз жыраў шымбайлы Бекимбет жыраўдың шәкирти. Усы жыраўлар қатарына қарақалпақ дәстанларын шебер атқаратуғын Ерполат жыраўды да киргизиўге болады. Ҳәзирги дәўирде қарақалпақ жыраўларының ең үлкен ўәкиллериниң бири Қыяс жыраў (1903-1973). Қыяс кишкене ўақтында мал бағады, қосыққа, сазға қызығады. Нурабылла, Турымбет, Әбдирасүўли, Ерполат қусаған жыраўларды бир неше рет тыңлайды. Бегмурат деген жыраўға шәкирт болып, оннан жыраўшлықты үйренеди. Оның репертуарында «Алпамыс», «Мәспатша», «Шәрияр», «Қырқ қыз», «Бозуғлан», «Қурбанбек» т.б. дәстанлар бар. Ол «Орманбет бий», «Посқан ел», «Ақмақ патша», «Айдос бий» «Шежире» қусаған дөретпелерди да үйренип алып, репертуарына киргизген. Соның менен бирге ол көп ғана термелерди биледи. Өз ядынан қосық шығара алады, шайыршылығы бар. Оның өзи дөреткен ҳәм ҳәзир гейпаралары басылып шыққан «Қобызым», «Заманым», «Дүнья», «Қобыз термеси», т.б. көплеген шығармалары бар. Қыяс жыраў 40 қа шамалас намаларды шертеди. Олардың ишинде «Нама басы», «Жолшы», «Терме», «Жортыўлы», «Шөласқан», «Ерманнама», «Көз айдын», «Қаныгүл», «Толқын», «Айға шап», «Шөңкөтнама», «Көсе Қосжан», «Келте толғаў», «Уллы зибан», «Асырым», «Шарбейит» т.б. намалар бар [4: 64].

Дөретиўшилик өзгешелиги жағынан Қуламет жыраў, Өтенияз жыраўлар да үлкен қызығыўшылық оятады.

Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларын тийкарынан жыраўлар атқарғанлықтан, биз ири баслы жыраўлардың дөретиўшилик өмирбаянына қысқаша тоқтадық. Усының нәтийжесинде ҳақыйқат қарақалпақ жыраўына тән болған гейпара белгилер жүзеге шығады. 1) олардың басым көпшилигиниң дерлик аўыр мийнетти басынан кешириўи, әсиресе шопан болыўы, мийнеткеш халық арасынан шығыўы; 2) белгили бир жыраўға (жыраўшылыққа руқсат бергенше) шәкирт болыўы; 3) сазға, сөзге шеберлик, шайырлық қәсийеттиң болыўы; 4) тек ғана халық аўызеки поэзиясының үлгилери менен таныс болып қоймастан, әдебияттың үлкен шығармалары менен де қандай дәрежеде болса да таныс болыўы т.б.

Әлбетте, қарақалпақ жыраўларының басым көпшилигинде шайыршылық талант болған менен, гейпараларында шайыршылық болмай, тек ядланған текстти өзгертпей айтыў жағдайлары болады. Мысалы, Өтенияз Ийимбетовта усындай қәсийет бар. Сонлықтан қарақалпақ жыраўларын усы көзқарастан екиге, бир топарын шайыр жыраўлар, екинши топарын шайыр емес, жыраўлар деп шәртли түрде атаў мүмкин. Шайыр жыраўлар сөзсиз дәстанның дөрелиўине өз үлесин қосқан. Ал, шайыр емес жыраўлардың дәстанның таралыўында, сақланыўында роли күшли болған.

Улыўма айтқанда, қарақалпақ бақсыларынан устазлық дәрежеге көтерилген ири ўәкиллери Ақымбет, Муўса бақсылардың Есжан, Жапақ, Қаражан бақсылардың қарақалпақ халқының сөз ҳәм саз мәдениятына қосқан үлеслерин ҳеш ўақытта умытыўға болмайды. Атақлы қарақалпақ бақсыларының дөретиўшилик уқыбына байланыслы жыраўлық сыяқлы бақсышылық та қарақалпақ халық көркем өнериниң бир түри болып қәлиплескен. Усы дәстүрди ҳәзирги күндеги белгили қарақалпақ бақсылары Әмет Тарийхов, Генжебай

Тилеўмуратов, Турғанбай Қурбанов т.б. тағы да даўам етип келеди.

Бақсы-жыраўлар менен бир қатарда Жийен, Кунхожа, Бердақ, Әжинияз, Өтеш, Омар, Жаңабай, Аяпберген, Садық, Аббаз сыяқлы халық шайырлары халықтан шыққан шешен адамлар менен сәзенделер қосықшылар менен ертекшилер, нақылшылар менен жуўабый кисилер, қыссаханлар менен қатықулақлар халықтың көп әсирлик бай фольклорының дөретилиўине ҳәм бизиң дәўиримизге шекем жетип келиўине үлкен дөретиўшилик мийнет сиңирген.

**Әдебиятлар**


1. Аўезов М. Киргизский героический эпос. «Манас» I. -М.: 1961. –С.16
2. Дәўқараев Н. Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. -Нөкис: 1961. 25-26-б.
3. Сағыйтов И.Т. Қарақалпақ қаҳарманлық эпосы. -Нөкис: 1963. 208-б.
4. Дәўқараев Н. Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхынан очерклери. -Нөкис: 1961. 64-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ эпосларининг ривожланишида жировлар мактаби ва устоз-шогирд анъаналарининг тутган ўрни илмий ва амалий жиҳатдан ўрганилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье раскрываются научно-практические особенности и роль школы поэзии и программ наставников-учеников в развитии каракалпакского эпоса.

**SUMMARY.** The article describes the scientific and practical peculiarities and the role of the school of poetry and mentor apprentice programs in the development of Karakalpak epics.


## ЎЗБЕК ДЕТЕКТИВ НАСРИДА ЖИНОЯТ ВА ЖАЗО МУАММОСИ ҲАМДА СЮЖЕТ СХЕМАСИ


**Д.Ж.Халилова** – *филология фанлари номзоди, доцент*

*Қарши давлат университети*



**Таянч сўзлар:** дедективизм, криминализм, “микро криминал сюжет”, “микро дедектив воқелик”, психологик таъсир, психологик тасаввур.

**Ключевые слова:** детективизм, криминалистика, «микрокриминальный сюжет», «микродетективная реальность», психологический эффект, психологическое воображение.

**Key words:** detectiveism, criminology, "microcriminal plot", "microdetective reality", psychological effect, psychological imagination.


Жаҳон адабиёти тажрибасида кўриш мумкин бўлган ҳодисага кўра, детектив-криминал услубидаги асарлар таркибида турфа мавзулар, фалсафий-ижтимоий ғоялар тизимида жиноят ва жазо мотиви билан боғлиқ масалалар талқини етакчилик қилади. Мантиқан олганда, детектив-криминал мавзуи билан боғлиқ асарлардаги энг муҳим ғоявий мақсад жиноий ҳаракатлар, жиноятчилар фаолиятини ва бу жиноятлар жазосининг муқаррарлигини талқин қилишдан ҳам иборат.

Европа ёки Америка қитъаси адабиётида ҳам XVII-XVIII асрларда детектив-криминал характердаги асарлар яратиш анъанаси кенг ривожлана бошлаган. Ўзбекистонда эса бу борадаги асарлар намунаси асосан XX асрнинг 30-йилларидан эътиборан юзага кела бошлаган. Адабиётшуносларнинг қайд қилишича, Шариф Ризонинг “Қор ёғди, излар босилди” номли кичик қиссаси дедектив-саргузашт, жиноятларга қарши кураш, изқуварлик мавзуларига оид дастлабки асар саналади. Бу йўналишда И.Қаландаровнинг “Шохидамас, баргида”, Ў.Умарбековнинг “Ёз ёмғири”, “Фотима-Зуҳра”, С.Аҳмаднинг “Суд”, С.Равшаннинг “Чордоқдан отилган ўқ” номли асарларини қайд қилиб ўтиш мумкин. Бу ҳам Ғарб мамлакатларидаги ёзувчилар томонидан ҳар йили яратиладиган минглаб детектив романлар ва қиссалар олдида дарёдан томчи кабидир.

Детективизм хусусияти айрим асарларда бевосита тўлиқ (А.Кристи “Ўнта негр боласи” романи каби) ҳолда амал қилса, кўплаб асарларда эса, билвосита шаклда намоён бўлади. Масалан, Теодор Драйзернинг “Америка фожиаси”, Жек Лондоннинг “Уч қалб” романи, айрим ҳикоялари, Оскар Уайльднинг “Дорион Грейнинг портрети”, Лев Толстойнинг “Тирилиш”, Михаил Булгаковнинг “Уста ва Маргарита”, Габриэль Маркеснинг “Юз йил танҳоликда”, “Ошкора қотиллик қиссаси” асарларида шу хусусият етакчилик қилади.

Фёдор Достоевский ижоди бу хилдаги асарларнинг энг мукаммали ҳисобланади. Аслида дунё адабиётида психологик, ижтимоий, фалсафий, маиший руҳдаги асарлар таркибида қўлланилган дедективизм, криминализм хусусиятлари мавжуд асарлар салмоқли ва ғоявий-бадиий таъсирчан яратмалар сифатида қадрланади. Рус адабиётшунослари, жумладан, достоевскийшунос олимлар ўз ишларида адиб асарларидаги дедективизм, криминал хусусиятларни таҳлил қилганда “микро криминал сюжет”, “микро дедектив воқелик” каби ибораларни ҳам кўп ишлатадилар. Аслида детективизмли криминал воқеликларнинг ижтимоий-психологик, социал-маиший руҳдаги асарлар таркибида қўлланилиши бу асарларнинг ҳаётийлигини ва табиийлигини таъминлайди. Чунончи, бир макон ёки бир замондаги воқелик тамоман криминал ҳодисадан ёки дедектив-саргузашт мотивидан иборат бўлавермайди. Детективизм, криминализм кундалик табиий ҳаёт таркибидаги хусусият сифатидагина ёндашувда намоён бўлади.

Достоевский ўз қаҳрамонларининг, айниқса, билиб, атайин ёки билиб-билмай жиноий ишларга қўл урган образларининг руҳий тўлғонишларини юксак психологик коллизиялар гирдобида тасвирлайди. Албатта, ҳар қандай одам ҳам, ҳатто у аблаҳ ва ёвуз қиёфа эгаси бўлса-да, ёмонлигидан, қотиллигидан, бузғунчилигидан, ўғрилигидан ички пушаймонлик кечиниши табиий ҳол. Ёзувчи шу инсоний ҳолатни анча нозик ва чуқур илғайди.

Раскольников (“Жиноят ва жазо” романи) оддий ижара пулини тўлашга имкони бўлмаган ҳолда ижара соҳибаси – ашаддий судхўр кампирни ўлдирганидан сўнг қилмишидан пушаймон бўлиш каби узлуксиз изтироблар уммонига чўкиб қолади. Ёзувчининг муддаоларидан бири ҳам қаҳрамонлари изтироби ва руҳий тўлғонишларини тасвирлашдан иборат. Чунончи, пушаймонлик инсоний хусусиятлардан биридир.

Борган сари ўзи қилиб қўйган қотиллик ишидан Родионнинг кўнгли айниб борарди. Энди дунёдаги ҳеч бир манфаатли нарса уни яна ичкарига қайтиб киришга, кампирнинг сандиғини титкилишга ундай олмас эди. Аммо у фикри сочилиб, қаттиқ фаромуш бўлиб қолади, ҳатто нимагадир хаёли кетиб қолаётгандай бўлаверарди. Шундай вақтларда Родион бутунлай ҳеч нарсани англай олмас ёки асосий нарсани унутиб, майда ташвишларга ёпишиб қоларди. Раскольников ошхонага кириб у ерда челакда яримлаб қолган сув турганлигини кўради-да, қўллари билан болтани ювиб қўйиш лозимлигини эслайди. Қўллари қон юқи бўлиб қолганди. Болтанинг юзини челакка ташлаб қўяди.

Эътибор берилса, Родион бу ишларни кўнгилда изтироб, иккиланиш, қўрқиш асносида бажаради. Бундай титроқ уни то тергов ва судгача, каторга ва Сибир сургуни жараёнларидаям тарк этмайди. Ёзувчи